Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 6 октябрь Рузман №40 (7801) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Армиялде ахIиялъул ва налогазул бицана

Араб шамат къоялъ райадминистрациялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана учреждениябазулгун организациябазул ва росдал нухмалъулезул данделъи.

Данделъиялда аслияб къагIидаялъ гьоркьор лъун рукIана налогал ракIариялъул ва Россиялъул Армиялде гIолилал ахIиялъул суал.



Армиялде хъулухъ гьабизе гIолилал ахIиялъул рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул бицун кIалъай гьабуна районалъул рагъулаб комиссариаталъул призывалъулаб отделениялъул начальник Шамил МуртазагIалиевас.

Жиндирго кIалъаялда Шамил МуртазагIалиевас баян гьабуна росабалъ рагъулаб учеталъул хIалтIи букIине кколедухъ гIуцIун гьечIолъиялъ, армиялде хъулухъ гьабизе гIолохъаби ахIиялъул суал районалда гIодобегIанаб даражаялда бугилан.

ГьечIо росабалъ призывникалгун гьабулеб хIалтIи, бичIчIизабулеб гьечIо гьезда ва эбел-инсуда законалъул тIалабал.

Россиялъул Армиялде гIолилал ахIизе бегьулеб гIодобегIанаб ригь цебе букIарабго 18 сон буго, амма лъабго соналъ борхана гьелъул тIасияб гIорхьи- гьанже яргьилал къуватазде ахIизе бегьула 30 сонил ригьалде щвезегIан ругел бихьинал.

Повесткаялда рекьон рагъулаб комиссариаталде рачIинчIезе къотIулеб гIакIа цIикIкIинабун буго 30 азарго гъурущалде щвезегIан. Гьединго 1000-5000 гъурущ гIакIа къотIула федералияб законалъул тIалабазда рекьон рагъулаб комиссариаталде яги цогидаб рагъулаб учет гьабулеб идараялде хьизан-лъималазул, лъаялъул, гIумру-яшав гьабулеб ва хIалтIулеб бакIазул баянал кьечIони. Рагъулаб учеталъул гьел гурел цогидалги законалъул тIалабазул бицана Шамил МуртазагIалиевас. Гьес росдал нухмалъулел ахIана гIададамазда гьоркьоб гьеб рахъалъ бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе.

Гьесда хадувго кIалъазе вахъарав районалъул рагъулаб комиссариаталъул мобилизиялъулаб отделениялъул начальник Шагьрурамазан Махаевас бицана контракталда (къотIи-къаялда) рекьон армиялда рагъулаб хъулухъ тIубаялъул хIакъалъуль.

КIалъазе вахъарав районалъул Собраниялъул депутат, Хуштада росдал гьоркьохъеб школалъул учитель МухIамад ХIанаповас бицана ахирал соназ гIолилазда гьоркьоб патриотикияб тарбия кьеялъул хIалтIи гIодобегIанаб даражаялда бугилан. ГьелЪие мисалллъун депутатас бачана цебе школазда рукIарал рагъулаб хIадурлъиялъул дарсал хвезари. Гьеб суалалда тIад хIалтIизе ккелин абуна гьес лъайкьеялъул учреждениялги, росдал нухмалъулелги, депутаталги ва жамгIиял церехъабиги.

Данделъиялъул ахиралда гIенеккана налогазул налъабазул хIакъалъуль райадминистрациялъул экономикияб отделалъул хIалтIухъан МухIамад Мусаевасул кIалъаялъухъ.

Гьеб суалалда сверухъ, кидаго гIадин, кьварун жиндирго пикру ккун чIарав районалъул нухмалъулес росдал бегавулзабазда ва учреждениябазул нухмалъулезда лъазабуна жидеца нухмалъи гьабулел идарабазул ва гьенир ругел хIалтIухъабазул налогазул рахъалъ кинабгIаги налъи букIине бегьиларин.

Налогазда хурхун бегавулзабазул суалазе жаваб гьабун кIалъазе вахъана районазда гьоркьосеб налогазул инспекциялъул отделалъул начальникасул заместитель Шаврухан Саидов.

5 октябрь - учителасул Къо

## Районалъул бетIерасул барки

ХIурматиял учительзаби, лъайкьеялъул учреждениябазул хIалтIухъаби, педагогикияб захIматалъул ветераннал!

РакI -ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам- учителасул Къо!

Учителасул къо ккола нильер лъималазе лъай ва тарбия кьолезул байрам. Нужеца гьезие лъай кьей гуребги, куцала гьезулъ гIамал-хасият, гIадатлъи, ватIан бокьи. ГIадада гуро учителасул махщалида гIумру бухьаразул гIадамазда гьоркьоб къадру-къимат букIунеб. Кинаб борхалъуде чи ваханиги, гьесул къадру-къимат цIикIкIаниги, гьев даражаялде щвеялъулъ аслияб бакI ккола учителас.

Изну кье дие, хирияв учительзаби, нужее ракI- ракIалъулаб баркала загьир гьабизе профессионалияб ишалдехун нужер бугеб ритIухълъиялъухъ, кьойил нужеца лъималазе кьолеб рекIел хинлъиялъухъ. ва къох1ехьеялъухъ.

Хасго бокьун буго баркала кьезе педагогикияб захIматалъул ветераназе районалда гIун бачIунеб гIел куцаялъулъ ва гьезие лъайгун тарбия къуралъухъ.

РакI- ракIалъ гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, хьизаналъулаб талихI, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия ва лъай кьеялъе гьабулеб хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**Шамил ГIумаров,** «Ц1умада район» муниципалияб районалъул бетIер

## Благодарные ученики не забывают своих учителей

«В эти дни исполняется 60 лет, как я сел за школьную парту и получил первый ваш урок! Склоняя голову выражаю вам свою благодарность, что вы открыли мне путь в страну знаний, вы научили нас не только грамоте, но и преподали нам уроки жизни, морали и нравственности! Вы были для нас, детей начала 1960-х во многом образцом для подражания!» - говорит один из тысяч учеников Зайнаб Исмаиловны Газиевой Магомедсаид Израилов. Этим летом будучи в Тлондода решил посетить ветерана труда, Учителя сельской школы, которая проработала более 50 лет в Тлондодинской восьмилетней школе. В этом году ей исполняется 89 лет.

Зайнаб родилась в 1934 году в семье Газиева Исмаила, внука Магомед-Дибира, много лет бывшего имамом мечети Тлондода, скончавшегося в 1892 году во время эпидемии холеры. Магомед-Дибир был женат на гакваринке, дочери Хьазамил Али и одним из детей у них был Гази, дедушка Зайнаб Исмаиловны. По причине принадлежности к религиозной семье, 1930-е годы у Газиевых прошли в страхе быть репрессированными. Периодически проводились обыски с изъятием найденной религиозной литературы, «излишков» продуктов, конфискацию скота и т. д. Все трое сыновей Гази (умер в 1919 г) Нуридин (1903 -1944), Исмаил (1905-1967), Идрис (1909-1977) были участниками Второй Мировой войны. Вернулись с орденами и медалями, с многочисленными ранениями, Исмаил лишившись стопы, Идрис с травматической контрактурой локтевого сустава, а Нуридин, в 1944 году откомиссованный с множеством нагноившихся ранений вернулся в родное село и вскоре скончался оставив четверых малолетних детей. Зайнаб вспоминает, как с горячим пирогом, начиненным свежим творогом 10 летним ребенком чуть ли не бегом спустилась из Тлондода в Агвали (13 км), чтобы встретить папу с фронта. И главное - пирог не донесла до папы - Зайнаб упала на одном из спусков в ущелье, пирог, как колобок в известной сказке, покатился на дно ущелья и исчез. Вытирая слезы обиды, добежала до Агвали и обняла фронтовика папу, вернувшегося с победой. Детство Зайнаб Исмаиловны пришлось на эти тяжелые репрессивные, затем военные и послевоенные годы. Плюс и насильственная коллективизация с изъятием земель, части скота и «излишков» продуктовых запасов в пользу колхоза. В 14 лет, после окончания сельской семилетки, Исмаил и Хаджиат отправили дочку на продолжение учебы в Буйнакское педагогическое училище -в те годы кузницу педагогических кадров республики. Вернувшись в родное село после успешного окончания училища Зайнаб Исмаиловна начала работать учительницей начальных классов Тлондодинской школы. И отдала школе и детям более 50 лет.

Благодарные ученики не забывают свою учительницу. Так и в этот раз ее ученик Магомедсаид Израилов, многие годы проживающий в Махачкале, работавший и главой пос. Хушет посетил свою учительницу, с которой состоялась теплая беседа. Об гакваринских корнях рода Газиевых напомнил и мой московский друг, коллега, преподаватель РУДН Магомед Абдулхабиров, посетивший ветерана вместе с нами.

Зайнаб Исмаиловна богата не только учениками. Вырастила двух дочерей и двух сыновей. Один из сыновей Магомед Абдулаевич Гамзатов сегодня является главой администрации села. Пользуется уважением и непререкаемым авторитетом у сельчан, природный дар дипломата, генетическая мудрость от предков позволяет ему находить общий язык со всеми жителями села, служить во имя улучшения жизни и быта тлондодинцев, вдохновляя и жителей села на общественно значимые проекты по благоустройству села. Проведен новый водопровод (в условиях пересеченной местности в горах это не из легких задач!), заново строится автомобильная дорога из Тлондода в Агвали, куда привлечена современная мощная западная дорожно-строительная техника. Планируют асфальтирование этой дороги и расширение на всем протяжении с водоотводами и защитой от оползней. За последние 10-15 лет село до неузнаваемости преобразилось. Если до 1980-90-х село чахло, с началом нового времени оно получило толчок к развитию, прогрессу. Почти в каждом доме села проведен газ. Соответственно, сохраняется лес -тропы, пути скатывания бревен с опушки леса до дна ущелья, где протекает речка Хуштадинка, заросли травой, следа не осталось! Уже нет понятия заготовки дров на зиму. Под руководством Магомеда Гамзатова создана парковая зона в центре села, спортивные поля с каучуковым покрытием для волейбола и с искусственной травой футбольное, детская площадка оснащенная спортинвентарем, качелями и др. В плане работа с правительством республики для строительства современной горно-лыжной базы в сельском лесу. А природные условия для этого в селе есть.

Пристальное внимание глава села уделяет образованию подрастающего поколения. В селе открыта гимназия с дополнительным финансированием педагогов через фонд села, пополняемый жителями села и выходцами из Тлондода, проживающими вне села. Дети тлондодинцев, проживающих вне Дагестана или вне Цумадинского района возвращаются в село для учебы в гимназии. Из того же фонда созданы условия для проживания в интернате, организации питания и досуга детей.

В эти осенние дни педагоги страны отметили профессиональный праздник -День Учителя. От всей души и от имени всех учеников великой Учительницы поздравляю Зайнаб Исмаиловну с Днем Учителя! Поздравляю учителей своей родной Агвалинской школы! Здоровья вам, благополучия детям и внукам, Мира и Согласия в мире, в котором мы живем.

**Абдурашид Саидов,** Москва

Эркенаб гугари

# ТIолгороссиялъулаб турнир тIобитIана

Арал гIодоркъояз Агъвали спортшколалъул залалда тIобитIана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалда щвеялъе эркенаб гугаиялъул рахъалъ тIолгороссиялъул турнир. Гьеб




турниралъул хаслъи ккола гьениб тIоцебесеб бакI ккурасе Россиялъул спорталъул мастер абураб цIар кьей. Исанасеб юбилеялъулаб турниралда гIахьаллъи гьабуна кьоло лъабго командаялъ. Турниралда ЦIумада районалъул бетIер Шамил ГIумаровгун цадахъ хIурматиял гьалбал хIисабалда гIахьаллъана Дагъистаналъул хIукуматалъул нухмалъулесул заместитель Ризван ГъазимухIамадов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал ГIабдурахIман Камилов ва МухIамадхан ГIарацилов, Дагъистаналъул физкультураялъулги спорталъулги министр Сажид Сажидов, эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпион Ихак ХIайдарбеков Хасавюрт щагьаралъул УОРалъул директор, Россиялъул мустахIикъав тренер МухIамад ХIусенов ва гьел гурел цогидали..

Турнир рагьиялъул ва баркиялъул кIалъай гьабуна Шамил ГIумаровас. Турниралъе кIудияб асар гьабуна исана дуниялъул, Европаялъул ва Россиялъул чемпионатазда чемпионалъун ва призераллъун рахъарал районцоял гугарухъаби кIодо гьариялъул лахIзаталъ, хасго дагьаб цебе Сербиялъул Белград шагьаралда дуниялъул чемпионлъун вахъарав АхIмад ГIусмановгун ва гьенибго кIиабилеб бакI ккурав ГIабасхIажи МухIамадовгун гIолилазул букIараб дандчIваялъ. Гьенир гьедин-



го сайгъатаздалъун кIодо гьаруна гьалбал ва турниралъул спонсорал. КIалъазе рахъараз кIудияб кьимат кьуна районалдаса рикIкIен гIемерал гугрухъаби рахъиналъе ва гьел куцаялъе районалда гьабулеб хIалтIуе.

Спорталъул цоги тайпабазда дандеккун цIумадисезе эркенаб гугари аслиябльун кколин. Гьелъ куркьби гьурал ц1умадисел рахьнин дуниялъул бищун тIадегIанал пьедесталаздеян абуна Шамил ГIумаровас районалльул цIар борхатго ккурал ва кколел гугарухьабазул цIарал рехсолаго. Жиндир божи бугин абуна гьес эркенаб гугариялъул меседил рахас кIодолъун гурони, тIезе тезе гьечIин хадуб бачIулеб гIелалъин. КIалъазе рахъарал гьалбадерицаги кIудияб баркала ва разилъи загьир гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровасе, турнир гIуцIиялъул комитеталъе, гьалбал хирияб цIумадисезул жамагIаталъе жидер хьулухъ гьабуралъухъ. УОРалъул директор, Россиялъул мустахIикъав тренер МухIамад ХIусеновас тIадч1ун абуна жидехъе ккарал цIумадисел



ратанин гугаризеги бокьулел, кIвахIги гьечIел, жидерго черхалдаги барахщуларел гIолохъаби. Гьединаб ахIиялъул (девиз) хIасилльун кколин абуна гьес ц1умадисез дуниялъулгун Европаялъул ва Россиялъул къецазда росулел бергьенлъабиян.

ТIоцебесеб къоялъ цере рахьана 57 кг., 65 кг., 74 кг., 86 кг., 97 кг. цIайияльул гугарухъаби, кIиабилеб къоялъ - 61кг., 70 кг., 79 кг., 92 кг., 125 кг. цIайияльул.

Жибго турнир ана цIакъ берцинго, кутакалда лъикIал дандчIваялгун, щибаб цIаялъулъ рукIана дуниялъул, Европаялъул ва Россиялъул чемпионатазул призерал.

Районалда спорт цебе тIеялъе гьабулеб кIвахI гьечIеб хIалтIухъ Шамил ГIумаровас «ЦIумада районалъул хIурматияв гражданин». абураб цIаралдалъун кIодо гьаруна МухIамад ХIусенов, Ихаку ХIайдарбеков, ГIабдулкарим Айгумов, ва ГIабдула ГIабдулаев.

Гьединго районалъул нухмалъулес кIудияб баркала загьир гьабуна турнир гIуцIадго иналда тIад хIалтIарал полициялъул ва больницаялъул хIалтIухъабазе. Хасго баркала загьир гьабуна ДПСалъул хIалтIухъабазе нилъер нухаз хIехьоларeб захIмалъи букIаниги, цоники ДТП ккечIого турнир нухда бачиялъухъ, жанире къватIире ине хасаб техникаялъе коридорал гьарун, машинабазе чIезе бакIал рихьизарун, кIиябго къоялъ берцинаб гIадлу чIезабиялъухъ.

АлхIамдулиллагь, рещц Аллагьасе буго дагIба- хьуй ва ракI хвей ккечIого турнир индал.

**Турниралъул хIасилал:**

57кг. 1. ИсрагIилов Башир (Дагъистан), 2. МухIамадов Халид (Дагъистан), 3. Исламов Мурад (Брянск область), МухIамадханов МухIамадхан (Дагъистан).

61 кг. 1. АхIмад Зубайров (Пермский край), 2. МухIамад Себединов (Брянск область), 3.Тамирлан Караев (Ставрополь край), Рамазан Шамилов (Дагъистан).

65 кг. 1. Писаев ГIалихан (Санкт-Петербург), 2. Тажудинов МухIамад (Оренбург область), 3. ХIажиев ХIажимухIамад (Дагъистан), Гъазиев ГIабдулнасир (Брянск область).

70 кг. 1. Турпал-ГIали Хатуев (Чечня), 2. ГIабдурахIман ТIалхIатов (Дагъистан), 3. Баграт Пандария (Москва область), Джохар Джабаев (Чечня).

74 кг. 1. НурахIмаев АхIмад (Дагъистан), 2. ХIабичев Мурад (Дагъистан), 3. Отеев Ибрагьим (Дагъистан), Духаев Алу (Дагъистан).

79 кг. 1. Халид Эльбердиев (Чечня), 2. ГIалим Батаков (Москва), 3. Мухтар Шаипов (Дагъистан), Абубакар МухIамадов (Дагъистан).

86 кг. 1. ХIаниев МухIамадтIагьир (Дагъистан), 2. Шаипов Юсуп (Дагъистан), 3. Абузагьидов Рамазан (Дагъистан), Нуров ГIали (Дагъистан).

92 кг. 1. Шайх Жаватханов (Дагъистан), 2. Шамиль-Имам ХIажигIалиев (ХМАО), 3. Камил ГIабдулкъадиров (Дагъистан), ХIажимухIамад Тажудинов (Дагъистан).

97 кг. 1. Цолоев Бабули (Ингушетия), 2.Зиявдинов ГIумар (Дагъистан), 3. Биякъаев МухIамадгIариф (Дагъистан), Карсанов Хетаг (Алания).

125 кг. 1. ШагIман Муслимов (Дагъистан), 2. СаидмухIамад Гъаирбеков (Дагъистан), 3. Загьир ИсхIакъов (Дагъистан), Мурат Джатдоев (КЧР).

**ТIайпур Юсупов**

История

# Битва за Кавказ

**25 июля 1942 года началась Битва за Кавказ, включавшая несколько оборонительных и наступательных операций советских войск в 1942-1943 годах на территории Кубани и Северного Кавказа. Она длилась 442 суток( с 25 июля 1942г. по 9 октября 1943г.)**

**Как все начиналось**

К лету 1942 года на южных участках фронта наблюдалась крайне сложная обстановка. Весной провалилось советское наступление под Харьковом, и, естественно, войска фашистов воспользовались этой ситуацией. Гитлеровцы предполагали осуществить захват черноморского побережья и портов, а также нефтеносных районов Грозного и Майкопа.



Враг прорвал фронт между Курском и Харьковом и двинулся к Дону. Уже 3 июля немцы оказались на окраине Воронежа. 23 июля был захвачен Ростов-на-Дону. Перед немецкими войсками открылась перспектива захватить Сталинград и прорваться в Закавказье к бакинской нефти. Немецкое командование назвало эту наступательную операцию «Синий план».

Данные территории были жизненно необходимы для экономики СССР. После того как Украина оказалась в руках захватчиков, Кубань и Закавказье стали главными закромами зерна и кладовыми стратегического сырья. Главнейшее положение занимала нефть Баку. С потерей этих районов положение Советского Союза становилось бы критическим.

**Первый этап сражения**

В ходе наступления войскам вермахта удалось захватить часть советских территорий. В оккупации оказались Ставрополь, Армавир, Майкоп, Краснодар, Элиста, Моздок.

Наиболее активным наступление немецких войск было в июле и августе, а уже в сентябре в районе Малгобека враг был остановлен. В предгорьях Кавказского хребта и у реки Терек значительная часть гитлеровцев была уничтожена. Надежда немцев, что их в этом наступлении поддержит Турция, не оправдалась.



**Наступление советских войск**

Новый, 1943 год начался для немцев широкомасштабным контрнаступлением советских войск. Инициатива полностью перешла к нашим войскам. Результаты оказались очень значительными: были не только очищены захваченные территории, но и полностью освобождены Северная Осетия, Кабардино-Балкария, Ростовская область, Ставропольский край и многие другие районы. Освобожденные территории, как основные поставщики нефти и зерна, дали значительное преимущество в ходе продолжавшейся войны.

В ходе наступления Красной Армии было уничтожено около 275 тысяч вражеских солдат и офицеров, свыше 6 тысяч попали в плен, уничтожено и подбито 890 танков, свыше 2 тысяч самолетов, 2127 орудий, свыше 7 тысяч автомашин. Наши войска захватили 458 танков, 1392 орудия, 1533 миномета, свыше 15 тысяч автомашин и другое имущество противника.

Битву за Кавказ следует считать одной из составляющих частей общего наступления. Начался период не только отвоевывания захваченных земель и возвращения плененных советских людей, но и усиления боевой мощи и возможности на равных вступать в бои с немецкой армией. Успехи под Сталинградом и на Кавказе стали началом победного продвижения Красной Армии в Великой Отечественной войне.

РекIел ахIи

# Щвелародай кумек

**Лъабго яги цIикIкIун лъимер бугеб хъизан рикIкIуна лъимал гIемераблъун. АнцIгоги, анцIила ункъоги, анцIила анлъгоги лъимер бугеб хъизам кинаблъунха рикIкIине кколеб?**

Лъимал гIемераб хъизан, язихъаб бугониги, кидаго букIуна баракатаблъун. Гьединаб буго Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъ гIумру гьабулеб ЦIумада районалъул Кванкьада ва Инхокъвари жубараб росулъа МухIамадовазул хъизанги. Гьезул буго 14 лъимер. БукIана 16 лъимер, кIигоял хун, жакъа нахъе руго 14-ял. Бищун кIудияб лъимадул буго 28 сон, бищун гьитIиналъул -лъабго сон.

**Гьал гIагарал къояз дун щвана Октябрьскоялде ва хасгьабун гьеб хъизамалъухъе. БачIинахъего бихьана гIадан божулареб сурат - кIудияб хъизанги гьитIинабго кьваридаб рукъги. Лъималазул эбел Асиятилгун бачIинахъего гьабуна гьадинаб гара-чIвари.**

**-Асият, бокьилаан бицине дурго хъизаналъул, нужеего гIолеб-гIоларелъул хIакъалъулъ. Лъимал гIемераб хъизан хIисабалда кинаб кумек нужее щолеб хIукуматалъухъа?**

-Дун йиго 14 лъимадул эбел. Анкьго васги, анкьго ясги руго нижер. Дун цIакъ чIухIарайги бечедайги йиго лъималазул рахъалдасан. Амма гьечIо хIукуматалдасан щибго кумек. Нижер хъизамалде кинабгIаги кIварги кьолеб гьечIо лъицаниги, щиб нужее гIоларого бугебилан цIехолев чиги гьечIо. БитIараб бицани, нижеда ккун букIана кумек гьабизе батилин абун. Нижер гьечIо нижго бетIергьанаб мина. Вакьадасул рокьор руго гIумру гьабун. Дун божун йикIана хIукуматалъ кумекги гьабилин, мина базе ракьги машинаги кьелин абун. Мадугьалихъ росулъ гIумру гьабулеб микьго лъимер бугеб хъизамалъе гьитIинаб автобус-машина кьуна. Нижеда щибго бихьичIо.

**-Кибе хитIаб гьабураб кумек гьарун?**

-Кире аниги, инкар гьабулеб буго. Нижеца хъвана Хасавюрт районалъул администрациялде, МахIачхъалаялде, ана Минтрудалде «ГАЗель» машинагIаги щвелародайин абураб хъулгун. Лъимал школалде-нахъе рачине санагIалъи букIинаан гьелъул. Гьениб жаваб кьуна гьеб нужее щоларин абун. Нижеца кумек гьарун хъвана В. Путиниухъеги. Гьеб кагъат гьесухъе щвелалдего, нилъер гьанисаго бачIана жаваб, нужее лъималазул гIарац бачIунеб бугин, соцзащиталдаса 300-азарго гъурущги кьунин, тIокIабги щиб кьваригIарабин абун. Гьеб лъабнусазарго гъурущ щибаб лъимада тIад бикьани, кигIан кколебали лъаларогойищ гьел ругел?

**-Асият, «БахIарчияй эбел» абураб медалалъе мустахIикъай йиго мун. Щванищ дуе гьеб?**

- Гьединаб медаль гьанже кьелилан абун ргIи кьуна. Гьелда хадуйги дунго екерахъдизе ккана. Районалъул администрациялдеги ахIун абуна гьез дида, кумек гьабилин медаль щвезе ва кьуна дихъе ракIаризе кколел документазул сияхI. Гьел документал ракIарун ргIалде рахъунел руго.

**- Районалъул социалияб рахъалъ халкъ цIунияльул идараялъул хIалтIухъаби рачIунищ нужехъе, щолищ гьездаса кумек?**

- Гьел рачIуна, баркала буго гьезие. Гьез цIехола кьваригIараб жо бугищилан абун. Школалде унел ункъоял руго дир. Гьезие портфелал рачIана, жаниб кьваригIарабщинаб цIалул тIагIелги лъун. Гьениса щвана нижее 300 азарго гъурущги.

**- Телевидениялде, СМИязде ахIи бачIищ нужеца, киназдаго бихьун букIине нужерго яшавги, гьабулеб гьечIеб кумекги?**

- Анкьго соналъ цебе «Дагъистан» РГВКялдаса рачIун рукIана, репортажги гьабун ана. Амма телевидениялъ нижеца гIарзал рахъулел бакIал гьоркьоса къотIун ругоан.

Социалияб идараялъул хIалтIухъаби рачIун рукIана, нижеца щиб кваналеб бугебали бихьизейищ рачIун рукIаралалиги лъаларо. Холодильникалъуб гIиялъажоялъул гьан батидал ана гьел, гьазул иш квеш бихьуларинги абун. Нижер рукIуна хъвезе хъихьарал гIиял. Цо-цо жо хьвечIого тIубалищха. Собесалде кумек гьарун индал, росасда абун бачIана нужее бугеб «лимит» лъугIанин, нужеца МахIачхъалаялде щвезегIан щай хъварабилан абун.

**- 18 сонил ригьалдаса тIаде араб чан лъимер бугеб нужер?**

-Щугоял руго, гьелги васал. Рукъалде руссарал ункъоял руго - лъабго васги цо ясги. Гьаб росулъ гIумру гьабулелдаса гIураб заман буго. Нижее цо гьитIинаб рукъ базе ракьцин кьечIо. Нижее кумек гьабула «БацIцIадаб ракI» абураб фондалъ. Ниж гьезухъе кумек гьарун инчIо, гьенив хIалтIулев вугев нижехъаго васас абун, гьабула гьез кумек. «Инсан» фондалъ кумек гьабизе инкар гьабуна, нужер васал гIурал чагIи ругинги абун.

**-Лъимал гIемераб хъизан хIисабалда токалъул, газалъул рахъалъ бигьалъаби ругищ нужее?**

- Руго. Амма цIакъ дагьал гурони процентал тIаса рахъулел гьечIо. КъотIи-къай гьабураб кагъатги кьолеб гьечIо нижехъе, нижеда хадуб налъи букIиналъ. Справкаги кьолеб гьечIо налъи бугин абураб. Гьеб гьечIого собесалъги кьабул гьарулел гьечIо.

Баркала буго газалъулгун токалъул идарабазул хIалтIухъабазе. Кьан букIараб газги токги ргьизе ихтияр кьуна, 10 азарго гъурущ гIакIаде кьедал. Газалъул идараялъ кIигогIаги сон буго ниж тIаса квер босун таралдаса. Токалъул идараялъги кумек гьабула, гьенибги батила саламатабго налъи. Гьеб бецIизе ресги кколеб гьечIо.

**- Техникаялъул рахъалъ щиб хIал бугеб?**

-Буго нижер басриябго трактор, цо къоялъ хIалтIани, моцIица кьачIазе кколеб. Гьедин бугониги, гьелъулги мадар букIуна чед-хинкIалъе, васас хIалтIизабула гьеб.

**Лъимал гIемераб гьеб хъизамалъул хIакъалъулъ нижеца цIехана гьезул мадугьал Асият Закарьяевалдаги. Гьелъ гьадин бицана:**

- Гьезул хIакъалъулъ бицани, бер кколеб гIадаб гIамал-хасияталъул лъимал руго гьезул. Росулъ лъие бугониги кумек хIажалъани, гьез инкар гьабуларо. Аллагьас бер ккогеги гьезда. Амма гьезда ракI унтунги букIуна. Лъаларо щаяли, я росдал, яги районалъул администрациязул рахъалдасан гьечIо гьезие кумек. Нижеца цадахъ лъугьун кагътал хьвачIеб бакIги течIо.

Цо къоялъ ахIана дун росдал администрациялде. Гьениб дида цIехана, дуда лъалищин МухIамадовал абун. Дицаги абуна лъалин, щай нужеца гьезие кумек гьабуларого бугебилан абун. Щиб кумек гьезие гьабизе кколеб, гьезул буго тракторги, бекьизе ракьгиян абуна гьез дида. Буго гьезул басриябго трактор, цо къоялъ хIалтIани моцIица кьачIазе кколеб, гьелъул бищун кIалъазе нечоларищ нужилан дицаги абуна.

**Гьеб хъизамалъул хIакъалъулъ цIехана нижеца цо-цо росуцоядаги. Масала, пуланав чияс (гьесие цIар рехсезе бокьичIо) абуна:**

- Нижги ана гьеб хъизамалъе кумек гьарун Хасавюрталда бугеб социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул управлениялде. Гьелъул нухмалъулев вуго Юсуп абун, гIезегIан магIнаги бугев, кьураб ргIиги кколев чи. Гьес кумек гьабуна «Социалияб контракт» абураб программаялда рекьон. Юсупица гьезие 300-азарго гъурущ тIалаб гьабуна хIукуматалдасан. Гьебги гьезие кIудияб кумек буго.

Гьеб хъизамалъе кумек гьабизе, гьезие гIоло кIалъазе бокьараб бакIалде ине хIадургоги руго ниж. Дагъистаналда бугебищали лъаларо, амма Хасавюрт районалда гьечIо цониги гьединаб кIудияб хъизан.

**Росдал бегавул ШагIбан:**

- Дун бегавуллъун хIалтIулелдаса лъабго моцI буго. Гьел чагIи дида жеги рихьичIо. Гьел дихъе рачIинчIо кумек хIажат бугинги абун. РачIани, дица гьел кьабул гьаричIогоги теларо. Дидаса цеве вукIарасулгун букIун батила гьезул дандчIвай. Гьезда гьоркьоб букIараб жо дида лъаларо. РачIине бегьула гьел росдал администрациялде.

Гьеб кинальулго бицун, нижеца бухьен гьабуна республикаялъул ЗахIматалъул министерствоялъул, лъимал гIемераб хъизамалъе кумек гьабулеб отделалъул хIалтIухъабазулгун.

-2022 соналъул 22 августалдаса байбихьун, ДРялъул хIукуматалъул хIукмуялда рекьон чIезабун буго, лъимал гIемераб ва рес гьечIеб хъизамалъе анцIабилеб лъимер гьабураб мехалда микроавтобус кьезе. Гьенир руго гьадинал шартIал:

- 2022 соналъул тIоцебесеб январалдасан байбихьун, хъизамалда 10-абилеб ва гьелдаса хадубги гьабураб лъимер бугони;

- тIадехун рехсараб хIукмуялда рекьон, хъизамалда букIине бегьуларо 23 соналдаса тIадехун араб лъимер, ай автотранспорт щвезе ккани;

- лъималазул эбел-эмен цо ккураб адресалда щуго соналдаса дагь гьечIеб заманалъ рукIине ккола гIумру гьабун, ай хъвай-хъвагIай гьабун (автотранспорт щвеялъе гIарза кьезе ккани);

-транспорт щвезе ккани, лъималазул эбел-эмен рукIине бегьуларо судалде ккарал;

-хъизамалда букIине бегьуларо, мисалалъе, лъималаздасе махIрум гьарурал эбел-эмен, лъималазул рокьобе кьураб лъимер, эбел-инсуца тIалаб-агьаз гьабичIого тараб лъимер;

- хъизамалда рукIине ккола цо эбелалъ гьарурал лъимал. Эбел чIаго гьечIони, инсуца хьихьарал.

Гьел гурелги гIемерал справкаби ракIаризе ккола автотранспорт щвеялъе, гьеб лъазабизе бокьани, рачIине бегьула министерствоялде.

Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъа хъизамалъул рахъалдасан микроавтобусалъул бицун министерствоялде щивго вачIинчIо. Нижер гьанире консультациялъ рачIаразе специалистаз баян кьечIогоги толаро. Амма тIадехун рехсарал шартIал ратичIони, гьеб хъизан гьединаб бигьалъи гьабулезул сияхIалде кколаро. Щай гьел гьанжелъизегIан чIаралали лъаларо.

Хъизамалъе мина базе ракь кьваригIун батани, ине ккола росдал администрациялде. Лъимал гIемераб хъизан хIисабалда, гьел лъезе ккола учеталда, жидецаго гIумру гьабулеб росулъ. Гьединаб хъизамалъе ракь кьечIого букIине рес гьечIо. Хасавюрт районалъул комплексияб централда, социалияб хьулухъ гьабиялъул мурадалда гьел лъезе ккола учеталда, кьваригIанщинабги кванил нигIматалги щвезе рукIина.

Гьединаб хъизамалъул лъималазе гьарула батIибатIиял кумекал, кьола сайгъатал. Лъималазе букIине ккола педагогикияб, психологикияб ва гьеб гуребги кумек.

**Рукъият ГIалисултIанова**

Динияб бокIон

# ГурхIел цIикIкIинабе

**ТIадегIанав Аллагьас нилъехъе хирияв МухIамад аварагвитIараб диналда, рахIму-цIобалъул динилан абула. Щайгурелъул, Аллагьас гьелда жаниб лъечIо, инсанасда хIалкIолареб, захIматаб гIамал. ХIарам гьабуна кинаб букIаниги зулму, бокьулареб ргIи аби, инсан гIодовегIан гьави.**

Аварагас абулеб буго: «ГIадамазда гурхIуларев чиясда Аллагьги гурхIуларо»,-ян. Пумар-асхIабас бицараб хIадисалда буго: «ГIадамазда гурхIуларев чиясда ТIадегIанав Аллагьги гурхIуларо, гIадамазда тIаса лъугьунарев чиясдаса Аллагьги тIаса лъугьунаро, гIадамазул тавбу кьабул гьабуларев чиясул, Аллагьас тавбуги кьабул гьабуларо»,-ян.

Кьатадатица «Инжилалда» хъван бугин бицана: «Ле, Адамил лъимер! Мун гIадамазда гурхIулев гIадин дудаги гурхIула, дуда Аллагь гурхIиялда дур хьул кин лъолеб, гьесул лагъзадерида мунгоги гурхIичIого»,-ян.

Маликил вас Анасица, ГIиса аварагас абунин бицана: «Нужеца Аллагь рехсей гуреб жоялдалъун калам гIемер гьабуге, гьелъ нужер ракIазда кьасават бижизабула, кьасаваталъ ракI АллагьасдасарикIкIад гьабула. ХIакълъунго, гIадамал кIиго тайпаялда руго: Аллагьас балагьалде ккезарурал ва сах-саламатго тарал. Нужеда балагьалде ккарал рихьани, нужеца гьездехун гурхIел загьир гьабе, сах-саламатго тарал рихьани, Аллагьасе рецщги гьабе»,-ян.

Шакьикъу Загьидица хъвалеббуго: «Нужеда аскIобкьешлъи гьабиялдалъун цояв рехсани, нужер гьесда ракIги гурхIичIого, нуж гьеб мунагь гьабурасдасаги квешал руго»,-ян.

ТIадегIанав Аллагьас Давуд аварагасда абуна: «Мун мискинятимасе, гурхIулев инсуда релълъун вукIа. Дуда лъай, дунялалда дуца бекьараб гурони, ахираталда бакIаруларо...», -ян. Давуд аварагас Аллагьасда гьикьана: «Я, дир БетIергьан! Мискин-пакьирасе Дур разилъи тIалабгьабун, гурхIел загьир гьабурав чиясе кинаб кири бугеб»?-ан. ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан ахIун бачIана: «Гьесие Дидасан бугеб жазаъ, кьиямасеб къоялъ гIадамал кутакаб бакъул бухIиялда гьоркь рукIаго, гьесие ргIад гьаби буго»,-ян.

Аллагьас киналниги бусурбабазул рукъзал рахIму-цIобалдалъун цIезареги ва нилъер ракIазулъа хьачIлъи нахъе босаги. Амин.

**АхIмад Къурбанов**

«Ас-салам» газеталдаса босараб

# Лъалезе гурони кьунгутIи

**Кьиямасеб къоялъул гIаламатаздасан ккола бусурбабаз лъалел чагIазе гурони салам кьунгутIи. Ибну МасгIудидасан бицана аварагас абунин: «Кьиямасеб къоялъул гIаламатаздасан ккола лъалев чи вукIун гурони цояс цогидасе салам кьунгутIи», - ян. (АхIмад)**

Цогидаб хIадисалда буго: «Кьиямасеб къоялда цебе лъалезе гурони барки гьабизе гьечIо», - ян. (АхIмад)

Щибаб кьавмалъул букIуна жиде- жидер кIодо гьариялъул ргIаби. Масала, ислам загьирлъизегIан гIарабазул букIана гIадат, дандчIвайдал кIодо гьарун, «ХIаякаЛлагь» цоцада абулеб. Гьелъул магIнаги ккола Аллагьас дур гIумру халат гьабегийин абураб.

ТахIияталъул ргIаби киналго лъикIал руго, амма ислам бачIиндал кIодо гьариялъул ргIаби «Ассаламу гIалайкум» абураб жеги берцинлъана. «Ассалам» абураб ргIиялъул магIнаги рекъел, саламалъи, паракъалъи, битIараб пикру абураб ккола. Бусурбабазда гьоркьоб салам кьей ккола цоцазул гIумруялде, кьертIалде, боцIи-малалде тIаде кIанцIунгутIиялъе къотIи кьей гIадаб жо. Жеги салам кьеялъулъ руго гIемерал пайдаби, масала, цоцадехун рокьи, вацлъи, кумекчилъи загьир гьаби гIадал.

ТIадегIанав Аллагьас КъурIаналда абулеб буго (магIна): «Нужее цояз тахIият, кIодолъи гьабураб мехалъ, нужецаги гьелдасаги лъикIаб тахIият гьабе яги нужее гьабураб гIадаб тахIияталдалъун жаваб гьабе. ХIакълъунго, Аллагь Жинца кинабго жоялъул хIисаб ва жаза гьабулев вуго», - ян. (Сурату «Ан-Нисаъ, аят 86).

Гьаб аят буго муъминзабаз цоцазе салам кьеялъул баян. Исламияб диналда жаниб кIиго яги цIикIкIун чи дандчIвараб мехалъ цоцазе салам кьей суннаталдасан буго. Хирияв аварагас абуна: «Дир нафс жинда кодоб бугев Аллагьасул цIаралдалъун гьедула дун, нуж алжаналде лъугьунаро нужеца иман лъун гурони. Нуж иман лъуралги рукIунаро цоял цоязе рокьизегIан. Дица нуж тIоритIилищ гьеб ишалде, нужеца жиб гьабуни нуж цоцазе рокьулеб!? Нужеца салам кьей тIибитIизабе»,- ян. (Абу Давуд)

Жакъа къоялъцин гьедигIан хириябльун бугеб салам кьей нилъеца тIибитIизабуларо лъалезда гьоркьобцин.

**Жабир Мажидов**

«Ас-салам» газеталдаса босараб

Приложение
к решению сессий собрания депутатов
МР «Цумадинский район»
от 21 сентября 2023г. №6

**Предлагаемые изменения в структуру органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2023 год:**

Ввести в муниципальное казенное учреждение «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма» следующие изменения:

| № п/п | Наименование должностей | Группа должностей | Количество штатных единиц | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Муниципальные служащие | | Не относящиеся к муниципальной службе | |
| | | | Входящие в лимит численности | **Не входящие в лимит численности** | **Входящие в лимит численности** | **Не входящие в лимит численности** |
| **МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма»** | | | | | | |
| **1.** | Начальник МКУ | | - | - | - | 1 |
| **2.** | Методист | | - | - | - | 1 |
| | Отдел культуры и туризма | | | | | |
| **3.** | Начальник отдела | | - | - | - | 1 |
| **4.** | Артист | | - | - | - | 1 |
| **5.** | Артист | | - | - | - | 0,75 |
| **6.** | Методист по туризму | | - | - | - | 0,75 |
| **7.** | Водитель | | - | - | - | 1 |
| | Отдел спорта и молодежной политики | | | | | |
| **8.** | Начальник отдела | | - | - | - | 1 |
| **9.** | Методист по молодежной политики | | - | - | - | 0,75 |
| **10.** | Методист по спорту | | - | - | - | 0,75 |
| | **Центр тестирования ГТО** | | | | | |
| **11.** | Оператор ВФСК ГТО | | - | - | - | 0,75 |
| | Итого | | 0 | 0 | 0 | 9,75 |

# Пропуск срока поверки счетчика газа может стать причиной задолженности

Пропуск срока очередной поверки счетчиков может стать причиной образования задолженности, поскольку по истечении межповерочного интервала начисление за использованный газ производится по утвержденным нормам потребления, исходя из размера отапливаемой площади, количества проживающих и имеющегося в доме (квартире) газового оборудования.

Дату очередной поверки, периодичность которой составляет от 4 до 12 лет можно уточнить в паспорте счетчика, «Личном кабинете абонента», в едином платежном документе, а также позвонив по телефону «Контакт-центра» газовой компании 8 800 200 98 04.

Напоминаем, что по закону следить за своевременной поверкой прибора учёта газа должен его собственник - потребитель газа. Поставщик газа не обязан напоминать об истечении срока поверки.

Если вы обнаружили, что срок поверки пропущен, незамедлительно обратитесь с заявлением в абонентскую службу и выполните поверку в максимально короткие сроки.

* * *

# Хочешь газ - подай заявку!

Жители газифицированных населенных пунктов могут подать заявку на бесплатное подведение газа до границ своего земельного участка.

Мероприятия в пределах границ земельного участка (строительство сети газопотребления, приобретение и установка газового оборудования, прибора учета газа и т.п.) заявители оплачивают сами.

При этом газ должен использоваться для личных, семейных, домашних и иных нужд, не связанных с предпринимательской деятельностью.

Подать заявку на догазификацию можно:

- в клиентских центрах газораспределительных организаций;
- на сайтах газораспределительных организаций;
- на портале Единого оператора газификации Российской Федерации - connectgas.ru;
- в офисах МФЦ;
- через портал Госуслуги.

Подробнее о программе можно прочесть на сайте компании ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» перейдя по активной ссылке **https://mkala-mrg.ru/news/novosti/dogazifikatsiya--voprosy-i-otvety-vse-chto-nuzhno-znat-o-dogazifikatsii/**

## Спорт

# Футболалъул лига рагIалде бахъана

РагIалде бахъана районалъул футболалъул сезон. 23 сентябралда тIобитIана лигаялъул ахирисеб тур.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас ва культураялъулгун спорталъул ва туризмалъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовас. Исанасеб сезоналда ЦФЛаялъул чемпионлъун бахъана ТIинди росдал команда, кIиабилеб бакIалде ккана Агъвалисезул командаялъ, лъабабилеб бакI ккуна Гьигьалъ-гIурухъ командаялъ.



Турнир лъугьун хадуб рохалил ахIвал-хIалалда тIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал ккурал командабазе кьуна батIи- батIиял даражаялъул, медалал, кубокал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Гьединго рехсана батIаго лъикI хIарал Аминов Бурагъанил (гьужумалъулав Гьигьалъ -гIурухъ), МухIамадов Муртузил ( защитник, ТIинди), МухIамад ГIащикъовасул (каваби цIунулев, Къеди) цIарал.

Футболалъул лигаялъул гIуцIарухъабаз кIудияб баркала загьир гьабулеб буго футболистазе, болельщиказе, хасго судиябазе. Гьез гьединго гьарулеб буго жидер ккарал гъалатIаздаса тIаса лъугьаянги.

- Нуж хIазе ругьунлъулел гIадин, нужгун цадахъ гIолел руго нижги, исана гьоркьоб хутIараб тIасиялъ гьабила. Нижги гьеб гьабулел рукIарал гьечIо, хIачIого хутIиялдаса хIинкъун, футбол бокьиялъ тIаде боси гурони.

- Жегиги баркала киназего, бокье футбол, хIай футбол, гьелдалъун нилъ цолъула, цоцада лъала, гьудул-гьалмагълъи, вацлъи цIикIкIуна. Амма рекIел хъублъиги хIалхъублъиги футболгун цадахъ рекъолареблъиги кIочонге,- ян абун насихIат гьабуна ЦФЛалъул гIуцIарухъабаз.

Божи буго тIадеялъе командабиги цIикIкIилин, хIайги берцинлъилин, районалда футболги цебе тIелин абун.

**ТIайпур Юсупов**

# Цумадинская футбольная лига-2023

## Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 13 | 12 | 1 | 2 | 64-42 | 22 | 31 |
| 2 | Агвали | 13 | 10 | 1 | 2 | 64-42 | 22 | 31 |
| 3 | Гигатли-Урух | 13 | 10 | 0 | 3 | 71-34 | 37 | 30 |
| 4 | Гачитли | 13 | 9 | 2 | 2 | 61-35 | 26 | 29 |
| 5 | Хуштада-Урух | 13 | 8 | 3 | 2 | 58-34 | 24 | 27 |
| 6 | Кеди | 13 | 6 | 2 | 5 | 56-51 | 5 | 20 |
| 7 | Кочали | 13 | 6 | 1 | 6 | 56-52 | 4 | 19 |
| 8 | Тисси | 13 | 6 | 0 | 7 | 47-41 | 6 | 18 |
| 9 | Гадири | 13 | 5 | 2 | 6 | 61-57 | 4 | 17 |
| 10 | Маштихи (Агвали) | 13 | 3 | 2 | 8 | 47-66 | -19 | 11 |
| 11 | Хуштада | 13 | 2 | 2 | 9 | 30-52 | -22 | 8 |
| 12 | Ричаганих | 13 | 2 | 2 | 9 | 38-73 | -35 | 8 |
| 13 | Ветераны (Агвали) | 13 | 1 | 1 | 11 | 35-108 | -73 | 4 |
| 14 | Нижнее Гаквари | 13 | 1 | 1 | 11 | 32-60 | -28 | 4 |

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44**

**Жавабияй секретарь 2-52-92**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1295**

**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru**